



MARTY KIAR

BROWARD COUNTY PROPERTY APPRAISER

ÈSKE EGZANPSYON KAY MWEN AN RENOUVLE OTOMATIKMAN?

Aprè ou ranpli premye aplikasyon pou Egzanpsyon kay la epi biwo nou an apwouve egzanpsyon an, li renouvle otomatikman chak ane sof si gen yon chanjman pwopriyete oswa nan itilizasyon akseptab pwopriyete a. Chak mwa janvye, biwo nou an voye yon Avi Renouvèlman ak yon "Kat Chanjman" bay tout pwopriyete kay yo. La Lwa nan Florid egzije pwopriyete kay la pou li avize Evalyatè Pwopriyete a sou nenpòt chanjman nan itilizasyon pwopriyete a oswa estati pwopriyete a, epi Kat Chanjman sa a se yon fason efikas pou kominike ak biwo nou an sou chanjman enpòtan yo.

Si PA gen chanjman nan itilizasyon ak/oswa mèt pwopriyete a, tou senpleman kenbe kat la kòm yon resi ki verifye ou te otomatikman renouvle pou yon lòt ane. Sepandan, si gen chanjman, tanpri make Kat Chanjman an kòm sadwa epi retounen li nan biwo nou an.

Si ou se yon vèf oswa vèv oswa ou kwè ou gen dwa a yon egzanpsyon, ou dwe ranpli pwòp aplikasyon Egzanpsyon kay pa w la pou resevwa benefis la. Si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak lanmò pwopriyete a, Kat Chanjman an oswa si ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon pou Kay oswa lòt egzanpsyon ki ekonomize taks, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.bcpa.net oswa kontakte Depatman Sèvis Kliyantèl nou an nan 954-357-6830.

Gen lòt egzanpsyon pou ekonomize taks ki disponib pou moun ki kalifye yo. Egzanpsyon sa yo ak kondisyon espesifik yo disponib sou sit entènèt nou an nan www.bcpa.net/homestead.asp

KI KOTE EKONOMI PÒTABILITE MWEN YO ALE?

Yon dediksyon pòtabilite afiche sou paj dosye pwopriyete w la sèlman premye ane ou resevwa nouvo Egzanpsyon kay ou a. Ekonomi pòtabilite premye ane an fòme baz nouvo valè « Sove Lakay Nou » ou an alavni ak nan ane ki vini apre yo ap monte oswa bese selon chanjman valè mache yo ak limit 3% an, pandan nouvo valè « Sove Lakay Nou » ou an enkòpore ekonomi pòtabilite ou yo. Lè sit entènèt nou an ajou pou montre valè pwopriyete yo pou ane ki vini apre yo, dediksyon pòtabilite ou a pap afiche poukont li ankò paske yo deja pran li an kont nan nouvo valè Save Our Homes ou an.

Si biwo mwen an ka ede w, tanpri pa ezite kontakte m dirèkteman nan 954-357-6904 oswa pa imèl nan martykiar@bcpa.net.

Sensèman,

Marty Kiar, CFA



MartyKiarBCPA



@MartyKiarBCPA